



Pou Piblikasyon Imedya: 07/07/2015

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO LANSE KANPAY “ENOUGH IS ENOUGH” POU KONBAT AGRESYON SEKSYÈL SOU KANPIS KOLÈJ AK INIVÈSITE YO

Lidè Reprezantan Chanm Demokratik la Nancy Pelosi te rejwenn Gouvènè a nan siyati Lwa a

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te siyen lwa “Enough is Enough” li a pou konbat agresyon seksyèl sou kanpis kolèj ak inivèsite yo nan tout eta. Nouvo lwa mande pou tout kolèj yo adopte yon seri pwosedi ak gid konplè, enkli yon definisyon inifòm konsantman afimatif, yon règleman amnisti nan tout eta, epi elaji aksè a lapolis pou asire sekirite tout etidyan ki nan kolèj yo nan Eta New York.

“Mwen fyè pou m siyen an lwa règleman ki pi agresif nan peyi a pou konbat agresyon seksyèl sou kanpis kolèj yo,” Gouvènè Cuomo te deklare. “Jodia, New York ap fè yon deklarasyon ki klè ak fonsè: vyolans seksyèl se yon krim, e depi kounye a nou pral envestige ak pouswiv li nan eta sa a tankou yon krim. Avèk lwa sa a, nou pral pi byen pwoteje chak etidyan ki nan kolèj nan fwontyè nou yo, e mwen fyè dèske New York ap dirije wout la yon fwa ankò. Mwen remèsye kòlèg mwen yo nan Lejislati a, Lidè Demokratik Nancy Pelosi, defansè etidyan ki te lite pou fè sa vini yon reyalyte ansanm avèk tout sipòtè yo ki te mete ansanm pou n di Enough is Enough.”

“Agresyon seksyèl se yon epidemi kap fè ravaj nan Etazini,” te deklare Lidè Demokratik Chanm nan Nancy Pelosi. “Jodia se yon jou enpòtan, e mwen fyè pou m kanpe avèk Gouvènè Cuomo kòm lap siyen an lwa yon zouti solid pou tout edikatè, administratè ak lit fi yo pou mete fen nan agresyon seksyèl sou kanpis yo yon fwa pou tout. Nou dwe konfwonte pwoblèm sa tout kote, de kanpis a Kongrè – e New York ap dirije wout pwogrè a pou peyi nou an.”

Lidè Majorite Sena John Flanagan te deklare, “Nouvo lwa sa a pral konbat epi

derasinen agresyon seksyèl kidonk kanpis kolèj nou yo ap vin anviwonman ki ansekirite pou tout etidyan yo. Mwen remèsye Senatè Ken LaValle pou travay san relach li sou pwoblèm sa, ansanm avèk Gouvènè Cuomo ak Prezidan Heastie, e mwen aplodi kolèg ak defansè yo paske yo te ede nou atenn yon rezilta pozitif sou pyès lejislasyon sa ki ekstraòdinèman enpòtan.”

Prezidan Asanble a Carl Heastie te deklare, “Agresyon seksyèl sou kanpis yo dwe sispann. Etidyan nou yo merite pwoteksyon ak sekirite pandan yap pouswiv yon edikasyon siperyè. Plan sa a ankouraje viktim yo pou yo pale epi bay yon règleman inifòm pou jere akizasyon yo toupatou nan kolèj Eta New York yo, ansanm avèk ranfòse sèvis pou viktim yo nan zak kriminel sa. Asanble a te travay avèk dilijans pou pwojè lwa sa vini yon lwa e mwen kontan dèske Gouvènè Cuomo te pran etap pou fè sa vini yon reyalite.”

Senatè Ken LaValle, Prezidan Komite Edikasyon Siperyè Sena te deklare, “nou te apwoche sijè sansib sa nan yon fason ki konpreyansif ak reflechi. Lwa sa a bay pwoteksyon esansyèl ki enpòtan pou viktim yo epi detaye pwosesis ki nesèsè pou atenn rezita ekitab ak rezilta sèlman pou sila yo ki enplike. Mezi a bay yon chemen klè pou konbat epi efase agresyon seksyèl sou kanpis ak yon plan daksyon pou viktim ensidan devastatè sa yo. Li bay pou edikasyon tout etidyan kolèj yo; rekòmande metòd prevansyon, ak bay asirans yon pwosedi regilye nan adjidikasyon ensidan sa yo. Lwa sa a adrese pwoblèm ki konplike yo e li pral pi byen pwoteje etidyan kolèj nou yo toupatou nan eta.”

Manm Asanble Deborah Glick, Prezidan Komite Edikasyon Siperyè Asanble a, te deklare, “Lwa sa a adopte yon seri règleman ki klè, ekitab ak efikas pou konbat agresyon seksyèl sou kanpis yo. Li pral ede anpil etidyan ki viktim agresyon seksyèl, vyòl, vyolans domestik, asèlman ansanm avèk lòt zak kriminel, ansanm avèk ofri lajan pou adrese prevansyon ak fòmasyon pou mete fen pou ensidan sa yo pa rive ankò. Mwen felisite kolèg mwen yo alafwa nan Asanble a ak Sena dèske yo te pase lwa sa a ak Gouvènè Cuomo paske li te siyen l an lwa.”

Chaneselye SUNY Nancy L. Zimpher te deklare, “Kòm lidè ak edikatè eta, premye responsablite nou se pou asire ke kanpis kolèj ak inivèsite nou yo se paradi pou etidyan yo pandan yap konplete edikasyon siperyè yo epi travay nan direksyon yon diplòm siperyè. Lwa ‘Enough is Enough’ ki siyen jodia se yon pwomès pou anviwonman ansèyman ki pwoteje pou etidyan yo ale nan kolèj nenpòt kote nan Eta New York, e SUNY te fyè dèske li te sèvi kòm modèl règleman pou refòm global sa yo. Avèk lwa istorik sa a, Gouvènè Cuomo ansanm avèk lejislati a te plis pozisyone SUNY ak New York pou kondwi peyi a nan konbat agresyon seksyèl ansanm avèk vyolans sou kanpis

kolèj yo.”

Whoopi Goldberg, ki te youn nan premye moun ki te siyen nan kanpay Enough is Enough Gouvènè a, te deklare, “Jodia, Gouvènè Cuomo kanpe pou l ranfòse mesaj la ki vire yon zye avèg ke yo pa pral tolere ankò agresyon seksyèl sou kanpis kolèj yo. Enough is enough, e li tan pou n delivre pwomès nou pou n pwoteje tout etidyan yo epi tandè tout viktim yo. Grasa Gouvènè Cuomo ansanm avèk tout moun ki te travay san relach pou bay viktim agresyon seksyèl yo yon vwa.”

Connie Neal, Direktè Egzekitif Kowalisyon Eta New York Kont Vyolans Domestik, te deklare, “Jodia, Eta New York pral pran yon etap pwogrè fonsè nan travay pou mete fen nan agresyon seksyèl, vyolans domestik, vyolans nan frekantasyon, ak asèlman sou kanpis kolèj ak inivèsite yo. Nou kwè lwa sa a ka sèvi kòm yon modèl pou lòt eta yo nan peyi a, e mwen felisite Gouvènè Cuomo ansanm avèk lejislati a pou lidèchip ak angajman yo pou asire règleman konsistan sou kanpis yo ak repons nan tout eta. Okenn etidyan pa ta dwe sibi eksperyans agresyon, abi, oswa pèsekisyon, men sila yo ki eksperimante krim sa yo ta dwe jwenn enfòmasyon, resous, ak sipò ki nesesè pou ede yo ale delavan.”

Carol Robles-Román, Prezidan ak PDG Legal Momentum, te deklare, “Enstitisyon edikasyon ansanm avèk kanpis yo gen yon devwa pou tout etidyan yo kenbe kanpis yo lib de agresyon ak vyolans seksyèl. Grasa lidèchip Gouvènè Cuomo, nouvo lwa Eta New York la pral yon modèl pou lòt eta yo swiv: tout kanpis yo dwe aplike direktiv inifòm ki pral fè yo vini anviwonman ki pi ansekirite pou pwochen jenerasyon lidè nou yo viv, aprann epi grandi. Lwa se yon devlopman enpòtan nan kenbe jèn moun nou yo ansekirite e nan konbat krim agresyon seksyèl.”

Sonia Ossorio, prezidan NOW NY te deklare, “Adrese diskriminasyon seksyèl te yon gwo tèm ane sa a nan Albany, avèk yon kantite tèks lwa enpòtan ki nan wout pou vini lwa. Lè nou takle pwoblèm presan agresyon seksyèl sou kanpis yo New York ap fè pwogrè reyèl pou asire ke etidyan kolèj yo gen yon edikasyon ki pa gen vyolans.”

Ariel Zwang, PDG Safe Horizon, te deklare, “Safe Horizon aplodi Gouvènè Cuomo ansanm avèk Lejislati Eta New York paske yo te pran aksyon sevè pou adrese agresyon seksyèl sou kanpis kolèj nou yo. Lè yo siyen pwojè lwa sa an lwa, New York ap dirije wout la nan ekipe etidyan nou yo ansanm avèk pwofesè yo avèk resous pou reponn pi efikasan a krim sa yo. Nouvo lwa sa a, ansanm avèk resous ki akonpaye l, pral ede pou fè kolèj yo vin pi ansekirite, ak anviwonman ki pi anrichisan. Nap rete tann pou n travay avèk otorite eta ak vil nou an pou asire ke tout etidyan yo nan New York anmezi pou etidye nan kanpis kolèj yo chwazi ki pa gen vyolans seksyèl.”

Susan Xenarios, LCSW, Direktè Sant Tretman Viktim Krim nan Lopital Mount Sinai St. Luke ak Roosevelt te deklare, “Nou kontan dèske New York ap pran mezi enpòtan pou sipòte viktim vyolans seksyèl sou kanpis kolèj yo ansanm avèk pwogram kap ede yo geri. Yon kanpis kolèj se yon kote pou aprann ak devlope, e etidyan yo ta dwe anmezi pou yo santi yo ansekirite. Lwa sa pral sèvi kòm yon mezi pwopòsyon nan lit kont agresyon seksyèl nan tout peyi a. Nou fyè dèske nou te gen opòtinite pou travay kolaborativman avèk Gouvènè a, defansè ak etidyan yo pou di yon fwa pou tout: “Enough is Enough!”

Stephanie Nilva, Direktè Egzekitif Day One, te deklare, “Day One aplodi lwa Enough is Enough Gouvènè Cuomo a pou ogmante resous ki disponib pou jèn moun yo kap eksperimante agresyon seksyèl pandan yo nan kolèj. Obligasyon inifòm pou enstitisyon edikasyon siperyè yo pral amelyore repons pou viktim yo, ansanm avèk konsantman afimatif standa pral chanje kilti New York nan direksyon yon apwòch ki pi sen entimite pami etidyan yo.”

Monica Sobrin, nan Students United for Safer Schools NY ak yon etidyan nan Fordham College nan Rose Hill, te deklare, “Mwen enkwayableman fyè de New York, eta ke mwen te grandi a, paske li te yon lidè nasyonal nan lit kont agresyon seksyèl sou kanpis yo. Konsantman afimatif, Deklarasyon Dwa Sivivan/Viktim, prevansyon edikasyon primè, ak pwosedi pou rapòte ki souliye nan lejislasyon sa pral afekte grandman fason yo diskite agresyon seksyèl, anseye, ak manipile nan kolèj ak inivèsite yo nan tout eta.”

Gouvènè Cuomo te premye pwopoze lejislasyon an nan mwa janvye e li pral pwolonje règleman prevantif ak pwoteksyon ki te adopte pa kanpis SUNY yo nan tout kanpis inivèsite yo nan tout eta.

Spesyalman, nouvo lwa mande kolèj prive nan Eta New York yo pou adopte oswa aplike:

- Yon definisyon afimasyon konsantman nan tout eta, defini konsantman kòm yon desizyon koni, volontè ak desizyon mityèl pami tout patisipan yo ki angaje nan aktivite seksyèl;
- Yon politik amnisti nan tout eta, pou asire ke etidyan ki rapòte ensidan agresyon seksyèl oswa lòt vyolans seksyèl jwenn iminite pou sèten vyolasyon règleman sou kanpis, tankou itilizasyon dwòg ak alkòl;
- Yon deklarasyon Dwa Sivivan /Viktim Vyolans Seksyèl, kanpis yo pral gen obligasyon pou distribye bay tout etidyan yo nan fason pou enfòmè spesyalman viktim vyolans seksyèl yo sou dwa legal yo ak kijan yo ka jwenn resous ki apwopriye. Deklarasyon Dwa klèman deklare ke etidyan yo gen dwa pou yo

konnen ke yo ka pote rapò bay lapolis andeyò kanpis la, sa ki gen ladan lapolis Eta;

- Egzijans fòmasyon konplè pou administratè yo, anplwaye, ak etidyan yo enkli nan nouvo oryantasyon etidyan;
- Egzijans pou kanpis yo bay rapò chak ane sou done ki agreje pou rapòte ensidan sou vyolans seksyèl ansanm avèk adjidikasyon yo epi rapòte l bay Depatman Eddikasyon Eta;

Nouvo lwa a gen ladan:

- Yon nouvo inite nan Lapolis Eta ki rele “inite agresyon seksyèl viktim” spesyalize nan fòmasyon avanse pou reponn a agresyon seksyèl ak krim ki gen rapò ki pral bay asistans a lapolis kanpis la oswa lapolis lokal, ansanm avèk fòmasyon pou kominote kolèj kanpis yo;
- Yon angajman \$10 milyon pou ede konbat agresyon seksyèl sou kanpis yo atravè diferan patnè, ki separe nan fason ki annaprè a: \$4.5 milyon pou sant kriz vyòl pou bay etidyan yo sèvis ak resous, \$4.5 milyon pou Lapolis Eta kreye inite viktim agresyon seksyèl, ak \$1 milyon pou kolèj ak inivèsite yo; ak
- Yon egzijans pou premye sekouris yo enfòmè sivivan yo sou dwa yo genyen pou kontakte lapolis eksteryè.

Depi janvye, Gouvènè Cuomo te dirije kanpay “Enough is Enough” la pou konbat agresyon seksyèl sou kanpis kolèj yo, e depi etablisman l, li te jwenn gwo kantite sipò ki soti bò kote otorite piblik yo, òganizasyon ak gwoup kominotè yo, enkli:

- Lidè Demokratik Chanm nan [Nancy Pelosi](#).
- Lady Gaga, ki egalman [ko-ekri yon editoryal](#) avèk Gouvènè a;
- 17 sou 18 [egzekitif konte](#) nan tout eta;
- [Whoopi Goldberg](#), ki te filme egalman yon [videyo](#) pou kanpay la;
- Plis pase 40 [majistra vil](#) ki soti toupatou nan eta;
- Plis pase 100 [ofisyèl eli](#) ki soti toupatou nan eta;
- Preske 20 manm nan [Delegasyon Kongrè New York](#);
- Plis pase 50 [òganizasyon lokal ak nan tout eta](#), anplis de 30 [gwoup defans, òganizayson kominotè ak sendika](#) ak 14 [gwoup travay](#);
- 28 [ofisyèl sekirite piblik](#) ki soti toupatou nan eta;
- [Defansè etidyan](#) ki soti nan Barnard College ak Syracuse, Columbia, Fordham ak inivèsite New York yo; ak

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418